



# TRANZISYON POU TV DIJITAL

## Sa w oblije konnen osijè DTV



### ➔ Kisa Tranzisyon pou Dijital TV a (DTV) ye ?

Koulye a, anpil estasyon ki nan lè a ap emèt alafwa nan fòm TV analog ak dijital. Apre 17 fevriye 2009, estasyon TV gwo pisans yo pral emèt sèlman an dijital. Tranzisyon pou emisyon an dijital la (DTV) pral kontrarye moun k ap kapte pòst gratis ki nan lè a (ak yon antenn ki fikse deyò sou tèt kay la). Si w ap gade pwogram TV ki nan lè a gratis ak yon aparèy TV analog, se pou w fè yon aksyon anvan 17 fevriye 2009.

### ➔ Poukisa estasyon kap emèt yo oblije chanje pou Dijital ?

Lalwa federal ekzije chanjman an ki pral libere ond yo pou Lapolis, ponpye ak kominikasyon sèvis dijans. L ap pèmèt estasyon yo ofri pwogram ak meyè kalite imaj ak son e ofri tou pwogram ak plis chwa. Konsomatè yo ap benefisye yon sèvis san fil ki modènize.

### ➔ Kisa pou m fè pou m pare ?

**Ou gen twa chwa:**

#### 1 Konekte aparèy televizyon analog ou a nan yon transfomatè analog pou dijital.

Yo vann transfomatè sa yo nan magazen pou yon pri ki varye ant 40 ak 70 dola. Pou ede w peye transfomatè sa yo, Gouvènman Ameriken an ofri de kupon \$ 40 pou chak kay. Si w bezwen plis enfòmasyon osijè kupon yo, vizite [www.DTV2009.gov](http://www.DTV2009.gov), oswa rele nan 1-888-2009(vwa) oswa 1-877-530-2634(TTY). Anplis li pa nesèsè pou w genyen yon lòt antenn si w genyen yon bon kalite resepsyon pou chenn (kanal) analog 2 rive 51 avèk antenn w genyen an. **Oswa**

#### 2 Achte aparèy televizyon dijital (yon aparèy TV ki fabrike ak yon tuner andedan l)

w pa bezwen yon aparèy TV gran definisyon pou kapte yon emisyon TV an dijital. W senpman bezwen yon TV dijital (oswa yon TV analog ki konekte nan yon transfòmateur analog pou dijital). Anplis, li pa nesèsè pou w genyen yon lòt antenn si w gen yon resepsyon bon kalite pou kanal analog 2 rive 51 yo, avèk antenn w genyen a. **Oswa**

#### 3 Abone w avèk sèvis TV peye.

Si aparèy la deja ap resevwa emisyon estasyon lokal yo pa entèmedyè yon founisè peye tankou pa kab oswa pa TV satelit, li deja anfòm pou tranzisyon dijital la (DTV) konpayi ki emet pa kab yo pa oblije fè tranzisyon an oswa chanje nenpòt kanal (chenn) yo pou dijital. Toutfw si w gen yon aparèy TV analog ki pa resevwa estasyon ki emèt lokalman yo pa entèmedyè founisè peye w abone an, w ap bezwen yon transfòmateur pou kenbe emisyon dijital yo ak aparèy TV sa.

Si w bezwen plis enfòmasyon, rele :